

Bidjè 2024: Justis pou Toutt Jénérasyon

16 Avril 2024

Ottawa, Ontario

Dépatman Finans Canada

Jodia, Onorab Chrystia Freeland, Asistan Prémýé Minis é Minis Finans, mété déyò Bidjè 2024: Jistis pou toutt jénérasyon.

Se yon plan pou bati yon Canada ki travay pi bien pou toutt jénérasyon, koté jénérasyon ki pi jènn yo kapab avansé, koté yap jwenn rékonpans pou travay di ké yo fè, é koté yap kapab acheté oubyen loué pròp kay pa yo—koté toutt mounn ap gen yon chans ki jis pou yo gen yon bon vi nan klass mwayènn nan.

Prémýèman, Bidjè 2024 pran aksyon kourajéz pou konstwi plis kay. Paské méyé fason pou ran pri kay ak lwayé pi bon maché se pou ogmanté kantité yo ---é sa dwé fèt rapid. Bidjè 2024 bay yon stratéji pou débloké 3.87 milion nouvo kay pou rive 2031. Mézi klé yo gen landann yon nouvo plan pou Tèren ak Kay Piblik é yon nouvo plan proteksyon fon pou lwayé nan Canada, élaji Lwa Mortgage nan Canada, épi kréyé yon nouvo lwa pou mounn kap loué kay nan Canada.

Dézièmman, Bidjè 2024 pral édé kou lavi a vinn mwen chè. Konstwi sou kapasité transfòmatif expansion Gouvèneman Canada a---sòti nan \$10 pa jou pou gaderi, swen dantè pou Canadien ki pa gen asirans yo, yon prémýé faz de yon pharmacare univèsèl nasyonal---Bidjè 2024 fè avansé travay Gouvènman pou bésé kou dépans chak jou pou Canadien yo. Sa gen ladann édé yo stabilizé pri manjé yo, débarasé de frè ki pa nésésè yo pou fè pri yo vinn pi jis, épi fè bésé depans tranzaksyon bankè yo. Bidjè 2024 poté transfòmasyon pou nouvo investisman, ki gen ladann lansé yon nouvo program pou bay manjé nan lékòl yo é nouvo bénéfis pou mounn ki gen dezabilté yo.

Twasièmman, Bidjè 2024 pral pèmèt ékonomi an grandi nan yon fason kap bon pou toutt mounn. Se yon plan ki pral atiré épi ogmanté investisman, élaji prodiktivité, épi ankourajé yon kantité chanjman inovatris ki pral pémèt kréyé travay ki pi byen péyé é ki gen plis valè pou pèmèt Canada ak ékonomi li avansé. Li pral bay tou plis sipò pou pousé pi bon antrèprènè ak innovate nou yo mété idé yo pou travay isi nan Canada. Sa ap gen ladann atiré plis investisman nan ékonomi an koté yap élaji épi bay tax krédi pou gro investisman ékonomik yo, sékirizé avantaj Canada genyen kòm yon lidè nan intèlijans atifisièl, épi investi nan élaji don pou fè réchèch ki pral bay jénérasyon ki pi jènn yo anpil bon travay ak nouvo opòtinité. E sa vlé di asiré ké mounn Indijènn yo pran pa nan kwasans saa nan yon fason kap bon pou yo.

Bidjè 2024 pral fè system tax la nan Canada vinn pi jis koté l lap mandé mounn ki pi rich yo pou yo péyé pati pa yo---konsa nou ap kapab investi nan prospérité pou toutt jénérasyon, paské li tap irresponsab é malonèt pou kité plis dèt pou jénérasyon kap vini yo koté nou ta inyore mounn ki dwé péyé plis tax yo. Bidjè 2024 se yon plan ékonomik responsab kap kenbé objektif fiscal ki te fixé nan Déklarasyon Ekonomik Otòn 2023 a, é wè Canada konsèvé ratio ki pi ba nan défisi ak dèt nan group G7 la.

Sitasyon

“Gouvènman antré sou pouvwa avèk yon volonte pou ranfòse é elaji klass mwayenn nan. Nou réponn ak angajman saa koté nou rédwi povreté ya, espésyalman pou timounn ak mounn ki ajé yo, épil kréyé anpil million bon travay pou Canadien yo. Travay nou an poko fini. Bidjè 2024 rénouvle volonte nou pou ouvè pòt pouk lass mwayenn nan pou million Canadien ki pi jenn yo. Nou pral konstwi plis lojeman épi édé vi ya vinn mwen chè. Nou pral pèmèt ékonomy nou an grandi pou tout mounn kapab bénéfisié. Sa se jistis pou tout jénérasyon.”

- Onorab Chrystia Freeland, Asistan Prémyé Minis é Minis Finans

Prodwi Asosié

- Bidjè 2024: Justis pou tout jénérasyon
- Bidjè 2024: Déklasyon ki fèt pa Asistan Prémyé Minis é Minis Finans
- Bidjè 2024: Mézi klé (disponib nan lòt lang ki pa ofisièl)
- Ariè-plan: Plis kay a bon maché
- Ariè-plan: Yon Sékirité sosyal ki pi solid
- Ariè-plan: Justis pou Jénérasyon ki pi jenn yo
- Ariè-plan: Kwasan Ekonomik ak Prodiktivité
- Ariè-plan: Kwasans pou ti Biznis yo
- Ariè-plan: Kominoté ki pi Sékirizé, plis an santé
- Ariè-plan: Yon Avni ki Jis pou Mounn Indijenn yo
- Ariè-plan: Tax ki Jis pou Tout Jénérasyon
- Bidjè 2024: Baz pou Tranzaksyon Bankè yo nan Canada

Kontak yo

Média yo ka kontakté:

Katherine Cuplinskas
Sékrète prèss é Konséyé Sipéryè pou Kominikasyon yo
Biro Asistan Prémyé Minis é Minis Finans
Katherine.Cuplinskas@fin.gc.ca

Rélasyon ak Média yo
Finans Dépatman nan Canada
mediare@fin.gc.ca
613-369-4000
Pou tout lòt Késyon
Phone: 1-833-712-2292
TTY: 613-369-3230
E-mail: financepublic-financepublique@fin.gc.ca